# Bataaxal bi Yàlla may YUDD, mu bind ko

1 Man Yudd, jaamu Yeesu Kirist, mi bokk ak
Saag ndey ak baay, maa leen di bind, yéen ñi
Yàlla Baay bi woo te bëgg leen, te Yeesu Kirist
aar leen. 2 Na leen Yàlla may yërmande, jàmm
ak mbëggeel.

*Bàkkaaru ñi weddi Yàlla ak seen muj*

3 Samay bokk, bëggoon naa leena bind lool ci
mbirum mucc gi nu bokk, waaye lii moo gëna
jamp: ma xiir leen, ngeen taxaw ci aar mboolem
dëgg, gi Yàlla xasa dénk gaayam yu sell yi ba
fàww. 4 Ndaxte am na ay nit ñu ñeme Yàlla, ñu
yoxoosu ci seen biir; dañuy mbubboo yiwu Yàlla,
ngir topp seen bakkan, di ci weddi Buur Yàlla
miy kenn ak sunu Boroom Yeesu Kirist. Fekk
Mbind mi tëral na seen àtte bu yàgg.

5 Xam ngeen loolu lépp ba noppi sax, waaye
dama leen koy fàttali rekk. Xam ngeen ne
Boroom bi musal na xeetam, ba génne leen
réewu Misra, waaye gannaaw ba raafal na ñi
gëmul woon. 6 Te it malaaka ya jàppul woon
ca daraja ja ñu amoon, xanaa toxoo fa ñu leen
dëëloon, Yàlla yeew na leen buum yu sax, tëj
leen ci biir lëndëm, di leen nége àtteb bés bu
mag ba. 7 Noonu itam dëkki Sodom ak Gomor
ak dëkk ya leen wëroon, dañoo sóobu ci njaaloo
ak di def ay góor-jigéen, waaye àtte bi dal na ci

seen kaw, ba ñuy ay tegtal ci ñiy yelloo sawara
ba fàww.

8 Naka noonu itam géntkat yooyu may wax ñu
ngi sobeel seen yaram, di weddi gépp kilifteef, di
xas doole yi ci asamaan. 9 Waaye bi Mikayel, miy
kilifa ci malaaka yi, di xëccook Seytaane néewu
Musaa, bay xuloo ak moom, ñemewu koo àtte,
boole ciy xas; mu yem ci wax ko ne: «Na la
Boroom bi mbugal!» 10 Waaye nit ñii may wax,
dañuy saaga li ñu xamul. Te li ñu xam ci tañaxu
sax, ni bàyyima yu amul xel, dañu ci yàq seen
bopp.

11 Ñookay torox! Dañoo jaar ci yoonu Kayin,
sóobu ci réerug Balaam ngir xaalis, di bañ
kilifteef ni Kore, te dinañu dee ni moom. 12 Su
ñu bokkee ak yéen reeru mbooloo mi, dañu ciy
indi ay, niy xeer yu nëbbu ci biir géej; amuñu
genn gàcce, waaye dañuy giiroo te fonk seen
biir rekk. Ñu ngi mel ni xiin yu amul ndox,
yuy naaxsaay ci ngelaw; ni garab yu meññul
ci jamonoy meññeef, te buddeeku, dee ba wow
koŋŋ; 13 mel ni duusi géej gu mer, yuy gëq jëf
yu ruslu; niy biddiiw yuy fàq, te Yàlla dencal na
leen lëndëm ga gëna tar ba fàww.

14 Enog, di juróom ñaareelu maam gannaaw
Aadama, waxoon na ci kàddug Yàlla, ba weer
leen ne: «Boroom bi wàcce na ca asamaan,
ànd ak ay junniy junniy malaakaam, 15 ngir àtte
ñépp, te mbugal ñi weddi ñépp ndax ñaawteef,
yi ñu jëf ci ñeme Yàlla; di leen fàttali it kàddu
yu ñaaw, yi ñu ko tifaar ci seeni bàkkaar ak seen
weddi.» 16 Duñu noppee xultu, di jàmbat seen

nekkin, tey topp seen nafsu; ay wax yu réy a ngi ball ci seen làmmiñ, waaye dañuy jay ñi ñuy yaakaare njariñ.

### *Góor-góorluleen*

17 Waaye yéen samay xarit, fàttalikuleen la leen ndawi sunu Boroom Yeesu Kirist waxoon
lu jiitu, 18 ne leen: «Mujug jamono ay tiiñalkat
dinañu feeñ, ñuy weddi Yàlla, ngir topp seen
bakkan.» 19 Ñooy féewale, te Xelum Yàlla nekkul
ci ñoom; nit kese lañu. 20 Waaye yéen samay
xarit, doolewuleen ci seen yoonu ngëm wu sell,
tey ñaan ci dooley Xel mu Sell mi, 21 ba saxoo
mbëggeelu Yàlla, tey séentu yërmandey sunu Boroom Yeesu Kirist, mu tàbbal leen ci dund
gu dul jeex. 22 Jubbantileen ñi am werantey
xel, 23 ngeen musal ñale, jële leen ci sawara, te
yërëm ñeneen ñi, waaye boole ci moytu, ba sib sax seen yére yi taq sobe.

### *Yàlla moo yelloo ndam*

24 Yàlla mi leen mana aar ci gépp jeng te teewal leen fa kanam ndamam, ngeen ñàkk sikk te
fees dell ak mbég; 25 Yàlla miy kenn, di sunu Musalkat, yal na yelloo ndam ak màgg, kàttan ak nguur, jaar ci Yeesu Kirist sunu Boroom, démb, tey, ëllëg ba fàww! Amiin.

# Téereb Injiil
## The New Testament in Wolof, 2010 version.
## Le Nouveau Testament en langue Wolof, revision de 2010

copyright © 2010 La Mission Baptiste du Sénégal

Language: Wolof

Dialect: Regional Wolof

Translation by: La MBS

For full copyright statement, see http://sng.al/copyright
This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution-Noncommercial-No Derivatives license 4.0.
You may share and redistribute this Bible translation or extracts from it in any format, provided that:

You include the above copyright and source information.

You do not sell this work for a profit.

You do not change any of the words or punctuation of the Scriptures.

Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

2020-07-09

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 11 Nov 2022 from source files dated 17 Jul 2020
79742756-9e1e-54a8-8cef-3115026c278e